**Дарсил тема: Расул Х1амзатов**

**«Г1одов къулун къочула, руччабазул кверазда»**

**Дарсил мурад:**1 Расул Х1амзатовасул г1умруялъул ва творчествоялъул лъай-хъвай гьаби.

2.Г1адатияб анализалдалъун улбузде,яцазде,киналго руччабазул х1урматияб зах1маталде бугеб г1урхъи гьеч1еб рокьи коч1олъ загьир гьабулеб бук1ин бихьизаби.

3.Логикиял суалазул кумекалдалъун лъималазул г1акълу цебет1езаби.

**Дарсил алатал** : Расул Х!амзатовасул суратал , дискал,т1ахьал,докладал, интерактивияб доска.

**Дарсил тайпа:** г1адатияб гуреб дарс.

**Дарсил ин:**

I.Дарсил байбихьи

.Салам кьей.

–Рорч1ами хириял дир ц1алдохъаби,

Ц1ияб г1умруялде дуниял ц1азе ,

Г1ун рач1унел ругел ,ч1агоял т1угьдул.

-Ассаламу г1алайкум хириял гьалбал ,

Х1урмат т1адег1анал муг1алимзаби.

-Хириял лъимал ! Ват1аналъул х1анч1и ва т1анч1и.

-Жакъа нилъер буго г1адатияб гуреб дарс .Гьаб жакъасеб дарсги дие байбихьизе бокьун буго -«Эбелалъул х1ат1икь буго алжаналъул к1ул»- абураб х1адисалдасан. Дарсил темаги буго дунялалда ц1ар раг1арав поэт Расул Х1амзатовасул «**Г1одой къулун, къочула**»-абураб кеч1.

II.Рокъобе кьураб х1алт1ул ц1ех-рех гьаби. . К1алг1едеразе абураб кеч1 бицине рахъинари.

- Гьанже лъимал цере квералги лъе, берцин гьабун г1одорч1а.

-Лъица бициненеб: -Щиб кьун бук1араб нужее рокъобе лъазабизе?

III.Ц1ияб тема бицин –асаралда т1ад х1алт1и.

-Рач1а гьудулзаби сапар бухьизин ,

Х1амзатил Расулил шиг1рабазулъе.

Шаг1ирал рук1уна даим ракьалда,

Шиг1раби хут1ула халкъалъе нахъе.

-Маг1арул халкъалъул къадруяв поэт,

Ч1ух1и т1адег1анав ,маг1арул инсан.

Такрарлъи дуй гьеч1ев Х1амзатил Расул,

Даимлъана дур ц1ар Дагъистаналъе.

-Нилъеда абулеб буго нуж т1ад руссайила маг1арул гъанситохъе ,иццухъе,ракьалде,коч1оде,кули-рукъалде.

Нужеца маг1аруллъи ц1унейила .Нужеца лъим гьекъейила маг1арул иццазул(шиша ц1ураб шагьаралъул лъим гьекъеч1ого).

Нилъер маг1арул иццул лъимлъун ,маг1арул иццул бац1ц1алъилъун,маг1арул иццул роц1илъун поэзиялда вук1ана вуго ва г1асрабаз хут1изе вуго Расул Х1амзатов.

Нилъеда к1удияб ч1ух1игун абизе к1ола нилъ Расулил ракьалдасаги ,Расулил мац1алдасаги ругилан.

а)Расул Х1амзатовасул творчество бицинабила суалаздалъун.

1.Щив кколев Расул Х1амзатов?

2. Чанабилеб соналъ гьавурав Р.Х1.?

3.Щиб районалда ва щиб росулъ гьавурав Р.Х1.?

4.Лъил хъизаналда гьавурав Р. Х1амзатов?

5. Расул Х1амзатовасул инсуда ц1ар щиб бук1араб?

6. Расул Х1амзатовасул эбелалда ц1ар щиб бук1араб?

7.Расул Х1амзатовасул кинал асарал нужеда лъалел?

Учителас Р.Х1. т1ахьазул бицина.

Расул Х1амзатовас хъвана 80-ялдаса ц1ик1к1ун т1ехь нилъеца гьесул т1ахьал паспорт г1адин ц1унизе ккола.

-Маг1арулазул ях1-намусалъул ,рух1ияб бечелъиялъул,ват1аналде гьезул бугеб рокьул к1одолъиялъул бицунеб буго. Расул Х1амзатовасул поэзиялда к1удияб бак1 ккола эбелалъул х1акъалъулъ хъварал куч1дуз .Расул Х1амзатовас г1емер абулеб бук1ун буго эбелалъул ахирисеб х1ухьел ц1алаго жив аск1ов вук1инч1елъул г1умруялъго жиндасаго т1аса лъугьуларин абун.Х1акъикъаталдаги Расул Х1. Япониялда вук1ун вуго. Расулил эбелалъги Расул вущараб кини цебе босизабунила.

а )Учителасул цебераг1и:

-Дие г1умру кьурай

Хирияй эбел,

Дие г1акълу кьурай

Дарманай эбел

Дие мун йокьула

Ракьалда бищун.

- Нилъеца эбелалъул къо кида к1одо гьабулеб?

-Эбелалъул х1акъалъулъ кинал кицаби нужеда лъалел ?

(1Лъималазул щиб унтаниги цадахъ эбелалъул рак1ги унтулеб.

2Эбел-инсуе гьабураб хъулухъ дуего нухде бараб т1ех.

3Эбел-инсуе кьураб къакъуба дурго нухде бан тараб заз.

4Эбел-инсул х1урмат тарав халкъалъе басралъула.)

- Щибав инсанасул г1умруялда жаниб бищунго к1удияб бак1 ккола эбелалъ.-

-Эбелалъул х1акъалъулъ кеч1 гьабич1ев цог1аги шаг1ир, кеч1 ах1ич1ев цог1аги коч1охъан гьеч1илан абизе к1ола дида.

-Гьанже нилъ г1енеккизе руго Бакълъухъа шаг1ир Жабраг1ил Х1асановас улбузе гьабураб Дагъистаналъул артист Хирамух1амад Хирамух1амадовас рик1к1унеб « Ракьалде биччараб бичасул х1имкат»-абураб коч1охъ.

б )Словариб х1алт1и:

 руччаби

маккал

кваркьаби

рук1к1би

кунаца

г1уц1ана

рессана

т1анса

г1адра

бакканщинаб

в )Учителасул мисалияб ц1али.

Г )Лъималаз иргадал кеч1 ц1алила,гьеб заманалда бихьизабила диск эбелалъул х1акъалъулъ.

Д ) Баян кьовул ц1али г1уц1ила.

1.-Сунда къочунев вугев поэт?

(руччабазул кверазда)

2.-Руччабазул кверал сунда релълъинарулел ругел?(макказул кваркьабазда,берцинал х1улабазда)

3.-Гьел квераз щибха гьабулеб?

4.-Киргоги ратулин гьезул лъалк1алилан поэтас щай абулеб бугеб ?

5.-Кинал лъалк1ал гьел?

.-Эбелалъул х1акъалъулъ лъималазда лъалел куч1дул рицинарила.

Е.-Кинаб мац1алдалъун хъван бугеб? ( Х1икматго пасих1аб, дурусаб, чвахун рач1унел раг1абаздасан нилъеда бигьаго рак1алда ч1олеб мац1алъ хъван буго)

-Шаг1ирас коч1олъ щиб загьир гьабулеб бугеб?

IYДарсил х1асилал гьари.Къиматал лъей.

-Лъил творчествоялъул жакъа нилъеца бицараб?

-Щиб кеч1 ц1алараб,ах1араб?

- Щиб кеч1 нужее бищунго бокьараб Р.Х1амзатовасул творчествоялда?

Нилъер поэзиялъулъ хисиги гьеч1еб ,хвелги гьеч1еб мех бахъаниги заман аниги бищунго аслияблъун ккола эбелалъул х1акъалъулъ кеч1.Гьанже лъимал нуж г1енекке нужее гьарулел ругел насих1атазухъ. (Касета биччала эбелалъул х1акъалъулъ насих1ат- кеч1 рик1к1унеб )

Бихьули лъимал кинал берци- берцинал раг1аби абулел ругел нилъер улбузул х1акъалъулъ. Рач1а гьанже эбелалъул х1акъалъулъ цо берци- берцинал раг1аби абилин

Х1алимай, х1еренай,х1асратай,йокьулей,хирияй,берцинай ……..

(Эбелалъул раг1абаздалъун бакъ бахъи)

Y.Рокъобе х1алт1и.

Р.Х1амзатовасул «Г1одой къулун къочула»-абураб кеч1 рек1ехъе лъазабизе.

Эбелалъул х1акъалъулъ сочинение хъвазе.

Дирги нужеде к1удияб гьари буго улбузул х1урмат гьабе ,гьел къварид гьаруге, рохизаре , лъик1ал къиматазда ц1але, лъик1аб хьвада- ч1вади гьабе, йохизае дунялалъул канлъи нилъее кьолей хирияй эбел.Нилъ кидаго даим улбузда цере налъулаллъун руго .

Эбелго г1адин нилъее бокьизе ккола эбелалъул мац1ги .

Англиялъул Оксфордалъул университеталъул преподаватель филологиял г1елмабазул доктор Сайман Крипсица абуна: «Бищунго берцинаб мац1 дунялалда маг1арул мац1 буго» абун.

-Гьединлъидал нуж дир хириял лъимал ч1ух1изе kкола, нилъ маг1арулал рук1иналдаса ва маг1арул мац1алда к1алъазе к1олин абиялдаса.

Жакъасеб нилъер дарсги дие лъуг1изабизе бокьун буго ,нилъер маг1арулазул гьайбатай шаг1ир Т1убх1ат Зургьаловалъул раг1абаздалъун:

Нуж щалали лъазе

Лъилали лъазе

Лъазе гьабе, бабал

Эбел- инсул мац1

Миллатго гьеч1елллъун

Хут1унгут1изе

Хвезе тоге , бабал

Бищун лъик1аб мац1.